Free Digital Copy From ServeNow

ELEMAN BAZIK OU BEZWEN KONNEN SOU LEKTI AK ETID BIB LA

Lars B. Dunberg

ServeNow

Free Digital Copy From ServeNow

Eleman Bazik ou Bezwen Konnen Sou Lekti Ak Etid Bib La

The Basic Things You Need to Know About Reading and Studying the Bible (Haitian Creole)

Ekri pa: Lars B. Dunberg

Copyright © 2013 par *ServeNow*.
Itilize pa pèmisyon. Tout dwa rezève.

ISBN 978-1-964796-84-0

Sitasyon yo soti nan Holy Bible, New Living Translation, copyright © 1996, 2004, 2007. Itilize avek pèmisyon Tyndale House Publishers, Inc., Carol Stream, Illinois 60189. Tout dwa rezève

Sitasyon yo pran nan Bib, International Version® NIV® Copyright © 1973, 1978, 1984, 2001 pa Biblica, Inc.TM Itilize avek pèmisyon. Tout dwa rezève atravè lemond.

Se ServeNow ki pibliye l,
TBTBooks@weservenow.org
www.weservenow.org

Free Digital Copy From ServeNow

Eleman Bazik ou Bezwen Konnen Sou Lekti Ak Etid Bib La

Liv yo rele Bib la

Ou genyen nan men ou yon Nouvo Testaman oubyen yon Bib konplè. Nouvo Testaman an kouvri lavi Jezi ak istwa premye legliz la. Bib la genyen Nouvo Testaman ladan l, men li kòmanse ak Ansyen Testaman an, ki se fondasyon istwa sou pèp jwif la avèk Bib ke Jezi te itilize pou fè lekti e etidye. Bib la, pafwa yo rele Ekriti yo, se Pawòl Bondye a.

Bib la se yon Literati remakab avèk anpil diferan otè, men se yon sèl mesaj

Bib la te ekri nan preske 1,500 ane e se te plis pase 40 otè diferan ki te ekri li. Bondye te itilize diferan konpetans yo, don yo ak estil kominikasyon yo pou ba nou Bib la. Pandan ke yo te abòde sijè yo nan diferan pwendvi ak atravè diferan estil literè, mesaj yo a rete menm jan an nan yon fason remakab: Bondye vivan e li tèlman gen lanmou pou nou ke li te bay yon Redanmtè pou nou ka gen yon relasyon avèk Bondye pou tout tan.

San eskiz, e nan langaj ki fasil pou konpran, Ekriti yo ban nou verite senp sou plizye sijè. Pandan plizyè syèk, savan saj yo te sezi wè kapasite Bib la genyen pou di tout bagay sa yo avèk klète san li pa itilize anpil mo.

Free Digital Copy From ServeNow

Bib la se yon gid sou lavi ou

Nou ta ka rele li Manyèl pou lavi a. Anpil moun yo rele tèt yo kretyen men trè raman louvri Bib la. Anpil fwa lè nou pa swiv bèl enstriksyon sa yo se pa paske moun pa ka li men se paske yo chwazi pa li. Gen kèk moun ki panse ke Bib la gen anpil konfizyon e difisil pou konprann, se poutèt sa yo chwazi pou yo pa li l.

Bib la se fason Bondye kominike avèk nou. Nou se kreyasyon li e li se pi Gran Dye ki egziste. Li gen yon plan pou nou. Ki pi gwo fason nou te ka jwenn pou Bondye kominike plan li ak volonte li pase atravè yon liv?

Mwen renmen krèm glase. Twa kiye ase pou mwen. Si mwen manje vennsenk kiye, li pap fe mwen byen. Men li konplètman kontrè pou Bib la. Plis nou manje l, plis nou pi grangou. Mwens nou manje l, se plis nou pa grangou.

Bib la gen anpil otorite

Bondye se Dye siperyè. Bondye te toujou egziste. Li se Kreyatè syèl la ak tè a poutèt sa Bondye gen tout otorite. Yon nan gran otorite Bondye genyen sèke li pale atravè pawòl li. Otorite sa a ap transfòme epi chanje nou pou nou ka genyen yon relasyon pwisan ak Bondye vivan an, gras a Jezi Kri, pitit li a. Se pa mwayen otorite Pawòl Bondye ke nou rankontre Li ak Jezi kri kòm Sovè nou. Se pou sa li enpòtan pou nou rekonèt ke liv sa a pale ak otorite.

Bib la inik e konplè

Pa te gen okenn jounal oubyen emisyon radyo lè Bondye te kreye mond lan. Pa t gen moun ki te ap gade lè Bondye te fòme tè a, syèl la ak zetwal yo. Ki

Free Digital Copy from ServeNow

jan ekriven yo te fè konnen bagay sa yo? Gen yon sèl repons: Sa a se liv Bondye a.

Li anseye nou sou pwop tèt nou, Bondye, ak delivrans li. Bib la se pi gwo liv sou moralite ak etik tou. Genyen anpil lòt liv sakre nan mond lan. Chak relijyon gen youn ou plis. Men, lè nou konpare yo ak Ekriti yo, pa gen youn ki fè fas ak pwoblèm nan kè lèzòm menm jan Pawòl Bondye fè sa. Lè nou pale de etik, Bib la se sèl liv ki kanpe pou kont li.

Bib la se yon liv ki trè konpreyansif. Li ranpli ak istwa, li dekri karaktè egzat moun yo. Li genyen ladan li pwezi, prèch, dram, pwovèb, pwofesi ak lalwa. Sa ki pi enpotan an sèke li revele anvi Bondye genyen pou mennen gason, fanm ak timoun pi prè li pou konstwi yon relasyon pèsonèl.

Bib la antye se Pawòl Bondye a. Se pa yon liv pou ba nou repons rapid ke nou ta bezwen pou kè nou kontan nan maryaj nou, pou fè yon bon travay oswa travay ki gen sans, yon bon rekòt, pou kontwole pwa oswa pèdi pwa. Pandan ke Bib la trete anpil sijè, men apretou li se sa Bonbye panse e sa L vle pou nou vle pou lavi nou.

Ansèyman ki nan Bib la depase nenpòt lòt ekriti

Ou ta espere ke ansèyman nan yon liv ki soti bò kote Bondye ta dwe diferan. Diferans lan trè klè lè ou ap etidye liv sa a. Li Sèmon sou Mòn nan ke Jezi te bay nan liv Matye a. Se pa yon nonm òdinè, ki fè bèl deklarasyon sa yo, se Bondye k'ap pale ak nou. Oubyen senpatize ak Pòl pandan vwayaj misyone li nan liv Travay. Gade sou travay Pòl lè li te ap ankouraje legliz la ak lèt li te ekri pandan li te nan prizon. Oswa antre nan Liv Jan, nan liv Revelasyon an, jan li

Free Digital Copy From ServeNow

profetize sou lavni nou ak laglwa syèl la. Ansèyman sa yo pi diferan ak nenpòt lòt ekriti.

Bib la se yon enspirasyon e li gen pouvwa

Nou souvan refere a Ansyen ak Nouvo Testaman kòm Pawòl Bondye, e se sa yo ye. Pawòl Bondye a gen pouvwa enkwayab.

Nan kòmansman lane 1990, mwen te rankontre youn nan lidè nan vil Leningrad nan linyon Sovyetik la. Li te di m: "Mwen se yon ate. Men liv yo w ap bay elèv yo nan lekòl nou yo, gen anpil pouvwa paske apre twa mwa, mwen deja wè yon chanjman konpòtman nan yo." Ki liv sa te ye? Li se te yon pòsyon nan Bib la.

Yon etidyan mizilman nan pwovens Lazi te chita avèk mwen kèk tan de sa ak sajes pou pataje: "Mwen se yon Mizilman men, atravè liv sa a, mwen jwenn yon lanmou ki chanje lavi mwen." Ki liv sa te ye? Se te Bib la.

Nan La Swèd, yon jèn fanm ki te rayi Bondye, li pat kwè li te egziste, li te kòmanse li yon liv ke yon zanmi te fè li kado nan lekòl segondè. Pandan li t ap li paj yo, li te konfwonte ak istwa nonm sa a nan liv la ki ta chanje lavi li. Ki liv sa te ye? Li se te Bib la.

Gen yon pouvwa enkwayab nan Bib la, Pawòl Bondye.

Liv Ebre a eksplike li konsa: *Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase nenpòt kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak Lespri moun fe yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun* (Ebre 4:12).

Free Digital Copy From ServeNow

Poukisa Bib la espesyal konsa?

Majorite Bib jan ou ka remake, anjeneral gen kouvèti nwa, souvan gen ekriti nwa, paj mens, epi li lou tankou yon blok! Men, ki sa ki fè li espesyal konsa?

Pòtre atistik, mizik, ak literati parèt an gran kantite nan paj liv sakre sa a.

Sistèm legal la nan kèk pati nan mond lan jwenn orijin yo nan lwa Ansyen Testaman an e li toujou gen itilizasyon legal. Nan anpil tribinal yo fè moun sèmante pou "di laverite e anyen ke la verite a", pandan ke yo mete men dwat yo sou yon Bib.

Pa egzanp, lè Rèn Angletè a te kouwone an 1953, youn nan evèk yo te pote yon Bib ba li. Pandan Rèn nan t ap fè pwomès pandan odinasyon an, li mete yon men l sou liv sa a.

Bib la se yon liv trè espesyal paske li genyen pouvwa pou transfòme lavi moun òdinè!

Si pa egzanp ou te bloke nan yon zile e ou te ka gen sèlman yon liv avèk ou, ki liv ou ta chwazi? Ou pat ap vle yon liv pou amize ou. Ou menm pa t ap vle yon liv pou amelyore pèsonalite ou. Gen plis chans, ou ta vle yon liv ki pral montre w kouman pou sòti nan zile a, petèt yon liv ki montre ou kouman pou konstwi yon bato!

Jodi a nou bloke nan yon zile ke yo rele latè, epi evantyèlman sitiyasyon nou sou zile sa ap mennen nan lanmò sof si yon moun ta sove nou. Nou bloke isit la, men gen yon liv ki montre nou kijan pou nou retounen lakay, yon fiti ki pan gen lanmo. Liv sa se Bib la.

Free Digital Copy From ServeNow

Bib la pale nou de Bondye

Moun jounen jòdia grangou pou enpòtans ak revelasyon, yo vle pou kominike avèk èt espirityèl. Se rezon sa ki fè nou genyen anpil relijyon nan mond lan. Moun ap chache Bondye. Men, lè n ap chèche l, nou pap jwenn Bondye. Li te deja devwale tèt li. Li aktyèlman ap chèche nou.

Nan fon kè nou nou grangou pou nou konnen Bondye. Bib la di nou ke Bondye vivan an, sousye de nou. Aprann konnen li e lavi nou ka sove kounye a. Nan Bib la nou dekouvri ke Bondye tèlman renmen nou anpil ke li te vin tounen yon nonm nan fòm Jezikri e li te vin sou tè a pou sove nou.

Bib la gen yon pozisyon tre inik konpare ak lòt liv nan mond lan. Poukisa sa? Paske nan Bib la Bondye revele tèt li ba nou.

Atravè Pawòl Bondye a, nou gen sèl òf garanti ki se lavi apre lanmò, sa vle di, ke ou menm ak mwen tou senpleman mete kwayans nou nou nan Jezikri kòm moun ki ka fè nou jwenn chemen an, verite a ak lavi a.

Bib la pale nou sou Jezi

Nan tout liv Ansyen Testaman an ak Nouvo Testaman nou jwenn Jezi, Kreyatè a, Gran Prèt la, Moun ki bay lalwa a, Redanmtè a, Konstrikte a, ak objektif pou louwanj ak adorasyon nou. Li se Wa tout wa yo, Li se Doktè nan kè kase, moun ki retire nou nan peche nou yo e libere nou anba mal atravè lanmò li sou kwa a. E atravè rezirèksyon li nou ka genyen yon lavi an abondans.

Free Digital Copy From ServeNow

Atravè Bib la nou ka transfòme espirityèlman

Men kisa Bib la di nou: *Tousa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo sòti. Y'ap sèvi pou montre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou montre yo kijan pou yo viv byen devan Bondye* (2 Timote 3:16-17).

Ki moun ou chèche pou otorite nan lavi ou? Nan anpil peyi, pèsonalite televizyon byen koni souvan devni wòl modèl pou otorite. Pou adolesan, paran oswa pwofesè yo souvan devni figi otorite yo. Pou moun ki gen yon travay, patwon yo kapab yon faktè enpòtan nan lavi yo. Si w ap viv nan yon ti vilaj, li ka ansyen granmoun nan vilaj la. Nan legliz, li ka se pastè a ki di ou sa pou ou fè, selon tradisyon legliz la.

Sepandan, Pawòl Bondye a, Bib la, bezwen devni gid enfayib nou. Eske ou mete ou anba otorite Bib la? Tout liv sa a se Bondye ki enspire l. Ou dwe deside anba ki moun ou pral mete ou kòm pi gwo otorite final nan lavi ou.

Nan yon moman nan lavi m, mwen te oblije pran desizyon sa a. Èske mwen ta dwe kwè filozofi ki pa pale de Bondye ki ap anseye nan nasyon mwen an nan Swed? Èske mwen sipoze aksepte istwa ke yo rakonte de Jezi kòm yon moun istorik, ki anseye ke li aktyèlman pat janm te viv, te mouri epi leve ankò, jan liberal yo te anseye legliz bò kote m? Oswa mwen ta dwe mete konfyans mwen nan Bib la ak mesaj ki chanje lavi? Lè mwen te nan inivesite teyoloji yon jou, mwen te oblije desann sou jenou devan kabann mwen epi priye : "Seyè, mwen soumèt lavi m ak volonte m nan ansèyman Pawòl ou, kèlkeswa sa ta ka koute e kèlkeswa sa ki ka rive."

Free Digital Copy From ServeNow

Ki empotans Pawòl Bondye a nan lavi w?

Ou apenn li nan vèsè anvan an ... se pou ke ou ka *konplètman ekipe pou tout bon bagay Bondye vle nou fè.*

Sa pa selman vle di nan fen semènn, lè ou ale legliz. Sa vle di ke ou vin yon moun transfòme, ki vle viv pou Jezikri epi fè li travay chak jou nan semèn nan, chak jou nan ane a.

Si Jezikri (Pawòl vivan an) ak Bib la (Pawòl Bondye ekri a) gen pèmisyon pou fè travay nan ou, nan lespri ou, nan kè ou ak volonte ou, Li ka transfòme ou pou rezilta nan lavi ou ka bon bagay. Se konsa chak jou ou pral di, Men opòtinite mwen genyen pou m viv nan wayòm Bondye a.

Pandan w ap li ak aprann Pawòl Bondye a, pa fè djòlè paske ou panse ke ou konnen plis pase lòt moun. Se pa ki kantite sa ou konnen, men ki jan Pawòl Bondye ap travay an abondans nan lavi ou. Nan Nouvo Testaman an Jezi te pale ak lidè relijye yo, farizyen yo. Men sa li te di yo: *N'ap plede etidye sa ki ekri nan Liv la, paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi ki pap janm fini an ladan li. Men se liv sa a menm ki pale sou mwen* (Jan 5:39).

Èske Bib la vrè ou fo?

Bib la ap resevwa atak depi jou li egziste. Moun gen anpil dout ke Bib la gen otorite oubyen ke yo ka fè li konfyans. Gen lòt ki panse ke li pa alamòd ankò. Nan kèk peyi, otorite yo pè li, poutèt sa yo entèdi li.

Poukisa moun rayi Bib la konsa? Poukisa moun dedye lavi yo pou detwi li? Paske li pètibe lavi yo. Bib la di, … *Lèzòm te pito fènwa a plis pase limyè a, paske sa y ap fè a mal* (Jan 3:19).

Free Digital Copy from ServeNow

Nan yon lòt mo, "Nou pap kite nonm sa vinn dirije nou, nou vle viv pwòp vi nou, nan peche nou yo, san okenn konsyans. Se poutèt sa n ap debarase nou de Bib la!"

Pawòl Bondye a fè nou konnen li soti nan Bondye

Pawòl Bondye a fè konnen ke li se revelasyon Bondye. Tout ekriven yo deklare ke yo t ap ekri sa Bondye te di, oswa sa Bondye te kòmande. Eske ekriven sa yo te bay manti oswa se Pawol Bondye? Si yo te bay manti, nou te mèt jis voye Bib la jete.

Nan Ansyen Testaman an, otè yo te souliye ke mesaj la te soti nan Bondye: mwen tande pawòl Granmèt la di; Pawòl Seyè a te vin jwenn mwen.

Èske moun sa yo te pale laverite ou pa? Ou bezwen deside ou. Mwen te fe desizyon sa yon jou, yon bon bout tan de sa. Swa Bondye te pale ak yo oubyen yo se te pi gwo mantè ki te ka genyen, paske plis pase 2,000 fwa nan Testaman Ansyen an pou kont li, yo deklare ke Bondye te pale.

Jezi te site Ansyen Testaman an ak pèsistans. Pa menm yon fwa li te di nou pou doute de li. Pa menm yon sèl fwa. Men okontre, li te site yo ak anpil otorite, tankou *Eske ou pa t li sa Bondye te pale avè w? David te pale anba pouvwa Sentespri...*

Sa yo se pawòl Jezi. Li te eksplike Ekriti a konsènan tèt li: *Al chèche ekriti sa yo ... yo pale de mwen.*

Nan Bib la, moun ki pesimis yo twouve istwa Noye pandan inondasyon an ak Jonas nan vant pwason an kòm 2 istwa pi difisil pou aksepte. Jezi te konfime tou 2 istwa sa yo san okenn dout.

Apot yo te konfime Ekriti yo nan Ansyen Testaman an tou. Pyè te di nan 2 Pyè 1:21, *Pwofet yo pa t' janm bay mesaj paske yo menm yo te vle. Okontre se*

Free Digital Copy from ServeNow

Sentespri ki te pouse yo Lè yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye. Apot Pòl te ekri: *Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti ...* (2 Timote 3:16). Èske Pòl te bay manti?

Èske Jezi, Pòl ak Pyè te nan erè? Si se konsa, an nou bliye Krisyanite! Men, si yo te kòrèk, ou menm ak mwen bezwen devni disip Jezi epi obeyi Pawòl li.

Ki lòt bagay nou jwenn nan Bib la?

Bonè ou ta, tout moun nan mond lan gen pou lite ak kesyon de baz nan lavi a. Nan Bib la, nou jwenn repons a tout kesyon sa yo: Kiyès mwen ye? Ki moun mwen dwe ye pou mwen ka fè yon diferans? Ki jan de talan mwen posede? Poukisa mwen la? Ki objektif lavi? Ki moun sa yo ki nan antouraj mwen? Pa egzanp, poukisa mwen te fèt nan peyi La Swèd men pa an Frans? Poukisa ou te grandi nan peyi Zend men pa nan peyi Etazini? Kisa mwen pral kite dèyè - petèt pa bagay materyèl, men yon eritaj ak enpak? Finalman, youn nan kesyon trè enpotan nan lavi: Kisa ki pase lè mwen mouri?

Repons kesyon sa yo nan Pawòl Bondye a pral transfòme nou epi fè nou devini moun ke nou te sipoze ye a.

Kisa Bib la di nou de pwop tèt li?

Pawòl Bondye a se yon miwa

Paske, lè yon moun tande pawòl la ase, san li pa fè sa pawòl la mande l' fè, li tankou yon moun ki gade figi l' nan yon glas. Men, kou l' vire do l' ale, lamenm li bliye kisa li sanble. Men, moun ki fikse je l' sou lalwa ki bon nèt la, lalwa ki bay libète a, si l' soti pou l' fè sa lalwa a mande, si li pa yon moun ki kite pawòl la antre nan yon zòrèy soti nan

Free Digital Copy from ServeNow

yon lòt, men ki fè sa lalwa a mande, moun sa a va jwenn benediksyon nan sa l'ap fè a (Jak 1:23-25).

Se Sentespri Bondye ki kondane nou pou sa ki mal nan lavi nou. Se sa Bib la rele peche. Ou menm avèk mwen pa ka rive jwenn Bondye sof si Sentespri a kondane nou, epi souvan li itilize Pawòl Bondye a pou fè sa. Lè nou dispoze pou admèt ke nou se pechè, nou komanse ap sibi efè atravè travay Sentespri a.

Bib la toujou pale de Jezi. *Li di Pawòl sa yo te ekri pou nou ka kwè Jezi se Mesi a, Pitit Bondye a* (Jan 20:31).

Se gras a lafwa nan Jezi ou jwenn lavi etènèl. Si nou ta tann jiskaske nou ka konprann tout bagay nan yon nivo entèlektyèl, nou p ap janm jwenn li. N ap pèdi.

Pwofesè inivèsite a bezwen vin jwenn Jezi pa lafwa. Moun k ap fè biznis la bezwen vin jwenn Jezi pa lafwa. Sevant kay la bezwen vin jwenn Jezi pa lafwa. Elèv la bezwen vini pa lafwa. Travayè chantye nan vilaj la bezwen vini pa lafwa. Lè nou vin gade li nan miwa sa a - Pawòl Bondye a - li louvri bra li ba nou pou li padone peche nou yo, netwaye nou, epi fè nou devni yon nouvo moun.

Pawòl Bondye a se sous eneji pou nanm nou

Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki soti nan Bondye, pou nou ka grandi, pou nou kapab fin delivre nèt (1 Pye 2:2).

Okontre se granmoun ki manje gwo manje, paske granmoun yo konn jije, yo konn fè diferans ant sa ki bon ak sa ki mal (Ebre 5:14).

Pawol Bondye se yon limye

N ap viv nan yon mond ki fè nwa anpil e pafwa nou menm santi ke li plis fènwa anndan nou. Men, limyè

Free Digital Copy from ServeNow

yon ti alimèt ap fè fènwa a kouri kite chanm nan. Pawòl Bondye a se yon limyè konsa nan lavi nou.

Pawòl ou se yon chandèl ki fè m'wè kote m'ap mete pye m, se yon limyè k'ap klere chemen mwen (Som 119:105).

Pawòl Bondye se tankou yon kouto

Le Ekriti yo pale de pawòl Bondye kòm yon kouto, Li pa vle di ke Bondye se chirijyen avèk yon bistouri nan men li. Men pito ke pawòl Bondye a antre trè fon nan lavi nou, e li ba nou chanjman ke nou bezwen anpil la.

Yon kwayan nan antouraj ou ka pre pou li siyen yon kontra pou yon gwo biznis. Men pou li fè sa, yo oblije bay manti. Toudenkou moun nan li Nouvo testaman an, epi konprann ke se pa konsa ke Jezi vle li viv. Kontra biznis la anile.

Yon jenn fi ap batay ak lide pou li devni yon sèvant Bondye. Li jwenn òf yon gwo djòb ak bon salè. Li li nan Lik 9 ki anseye li pou li pa vire do li apre li fin mete men li nan chari a. Toudenkou li tonbe sou jenou l e komanse priye, "Bondye men mwen! Voye m!".

Pawol Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwel zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè nou (Ebre 4:12).

Pawòl Bondye se yon boukliye

Souvan nou santi emosyon nou atake, oubyen nan lafwa fèb nou. Nou ka santi tantasyon aproche nan kote ke nou plis pa t espere li. Pawòl Bondye proteje nou kont tout dout, kilpabilite, insekirite, oubyen lè nou kite tantasyon rantre. *Se ou ki defans mwen, se ou ki tout pwoteksyon mwen* (Som 119:114).

Free Digital Copy From ServeNow

Pawòl Bondye se yon Kat Jewografik

Sa fè lontan de sa, yon dimanch byen lontan avan kat jewografik elektwonik te egziste, mwen t ap kondui avèk kat jewografi la sou volan machinn nan. Mwen t ap prese paske mwen ta pral preche nan yon legliz e mwen te an reta. Mwen vire a dwat panse ke mwen rive men pa t gen pyès legliz. Se lè sa mwen reyalize ke mwen te kenbe kat jewografik la tèt anba e mwen te trè lwen de kote mwen ta dwe ye.

Pawòl Bondye a se tankou yon kat jewografik nan lavi nou. Li li pa sifi, men nou sipoze swiv enstriksyon yo.

Soutni m' avèk pawòl ou pou m' pa bite (Som 119:133).

Kisa ou sipoze fè ak Bib la

Pou plis pase 70 zan, Bib la te entèdi nan Linyon Sovyetik. Si ou ta genyen yon Bib, ou ka pran prizon pou sa. Lè rido a te chire nan lane 1989, youn nan byen yo te plis chèche se te Bib la. Kèlke ane apre mwen resevwa lèt sa de yon fanm nan peyi Larisi.

"Grann mwen te pale mwen de yon liv ki rele Bib e mwen pa t ko janm we youn – jis kounya! Mwen jwenn yon kopi e mwen li l plizye fwa e mwen pa te wè kisa mwen tapral jwenn ladan li."

Fanm sa fini pa reyalize valè Bib la nan lavi li. Pa gen yon problèm nan mond sa ke liv sa pa a rezoud. Ke se yon problèm nasyonal oubyen yon problem pèsonèl. Kidonk kisa ou dwe fè avek li?

Men diferan fason ke ou ka li e etidye Bib la:

Li Bib la

Komanse li l chak jou. Ou pa oblije komanse nan komansman, paske apre kèk jou w ap komanse

Free Digital Copy from ServeNow

dekouraje. Men kisa mwen sijere: Li Evanjelis Mak an premye. Se liv ki pi kout. Apre ou fini, se pou ou li liv travay ki se kontinite listwa komansman Legliz. Apre sa ou ka komanse li yon chapit chak jou nan youn nan twa lòt evanjelis yo ak yon chapit nan lèt Pòl yo avèk lòt dirijan nan Nouvo Testaman an ki te ekri lèt tou. Apre sa ou ka fini avèk lekti nan liv Revelasyon.

Li pa pran plis tan pou li Bib la pase sa li pran pou ou li jounal ki chaje ak move nouvèl. Pandan w ap li diferan liv nan Bib la chak jou w ap fini pa bay bon nouvèl nan menm kantite tan.

Obsève sa ou li

Eseye pou obsève sa pasaj la di. Komanse avèk priyè sou sa ou te li yo. Mande Lespri Sen an pou ede ou obseve sa li di. Poze kesyon sa yo pandan ou ap li:

- Kimoun ki ap pale ak kiyes?
- Kisa li ap di?
- Ki lè sa te pase?
- Ki kote sa te di?
- Pou kisa Otè a di sa?
- Kijan sa afekte mwen nan jounen jodi a?

Souliye yon mo oubyen yon fraz ke ou kwe se yon kle empotan.

Fè yon lis de tout sa ou li. Pa egzanp nan 1 Pie 5:2-5 ou li de wòl ansyen yo. Fe yon lis wòl sa yo e panse avèk yo.

Eseye jwenn konparezon ak diferans yo. Nouvo Testaman an chaje ak konparezon tankou ”Djab la mache tou patou tankou yon lyon k ap gwonde”.

Ekri milye jeworafik kote sa ou te li a te pase. Sa ap ede ou konprann pasaj la bi byen.

Free Digital Copy From ServeNow

Dekouvri kisa li vle di

Eseye obsève vèsè ki konekte ak vèsè, chapit e menm liv ke w ap li a. Pa sèlman pran yon vèsè pou kont li. Eske nuwen konprann kisa li vle di parapò a objektif tout liv la?

Ranpli tèt ou avèk Pawòl Bondye a. Sonje ke Ekriti a pap janm kontredi tèt li. Pa pran ansèyman alekstrem baze sou yon sèl vèsè, se pat entansyon Bondye. Ranpli kè ou ak imilite nan lafwa epi aksepte sa Bondye di.

Bib la se pa yon liv mistik. Bondye te pale avèk nou se yon fason pou nou ka konnen verite a. Toujou chèche ansèyman kle sou Ekriti yo an premye, pa yon siyifikasyon ki kache ke yon moun t ap fose ou aksepte nan Pawòl Bondye a.

Etidye li

Sa se plis ke yon lekti aksidantèl. Pran yon tèm tankou '' Delivrans'' oubyen '' Sentete" oubyen "Syèl'' oswa menm '' Lajan'' epi chèche tout vèsè ki pale sou sa. Oubyen ou ka anvi li tout bagay ke ou ka jwenn de Pyè oubyen Jan ou Paul. W ap fini pa rann ou kont kòman Pawòl Bondye a rich.

Poze plis kesyon. Li ankò pi difisil ke li parèt men poze kesyon e wap toujou jwenn repons. Mande yon Pastè. Mande lòt kwayan.

Pran nòt. Gen yon plim oubyen kreyon ak papye avèk ou pou ou ka ekri sa ou dekouvri. Ti kreyon ki pi kout la, long pase memwa ki pi long la.

Nan moman w ap etidye li, w ap dekouvri ke genyen enstriksyon de kisa pou ou fè nan lavi ou. Ekri enstriksyon sa yo. Si li di ke ou dwe priye, mete sa nan lis la. Si ou dekouvri ke ou dwe padone, fè

Free Digital Copy From ServeNow

yon lis de moun ke ou bezwen padone. Lis sa a ka devni trè long!

Eseye konprann siyifikasyon li

Pafwa ou ka panse ke sa li di a gen yon siyifikasyon konplètman diferan de sa w ap li a. Pa egzanp, mwen vizite yon pakèt kay Endyen e prèske yo tout toujou ofri mwen yon tas Te. Si mwen ta kenbe li anlè e mwen di byen fò ''Sa se pwazon!'' kisa ou t ap panse mwen ta vle di? Petèt ke yon moun ta mete pwazon nan tas la pou ka eseye tiye mwen. Men si mwen te di w avan sa ke mwen renmen tas te mwen pa trè fèb, san sik avèk lèt, epoutan tas sa se te yon tas ki te deja prepare epi ki trè fò. Exklamasyon mwen an tap vle di, ou rele sa te? Li fò anpil, li gen lèt ladan li epi li anmè!"!

Oubyen mwen ka petèt pa renmen Te ditou, mwen pito kafe e panse ke se kafe ke yo te ban mwen.

Toujou eseye konprann de kisa ote a ap pale nan pasaj la, nan chapit la, nan liv la an patikilye.

Poze tèt ou Kesyon: Ki lè li te ekri? Pou ki moun li te ekri?

Nou ka pi byen konprann siyifikasyon Bib la si nou konnen pou ki moun li te ekri. Tout tan nou konnen plis de koutim ak politik tan epòk Bib la, se toutotan siyifikasyon li ap pi klè.

Pa ezanp, Nouvo Testaman an mande pou esklav obeyi a Mèt yo. Nan epòk sa a istwa esklavaj te jeneralman aksepte. Nan Kris tout mèt ak tout esklav se frè ak sè.

Free Digital Copy From ServeNow

Pa jis li yon sèl vèsè, men li tout chapit la

Nou ka pi byen konprann yon fraz lè nou gade tout rès chapit la.

Dirijan nan plizyè fo kilt ak sèkt souvan chanje konteks verite Bib la. Se yon fason pou yo ka itilize Bib la pou sipote kwayans pèsonèl yo. Nou sipoze asire nou ke nou jwenn kisa Bib la vrèman di – menm si li ta frapan.

Nan menm fason sa pasaj individyel nan Bib la sipoze intèprete nan limye tout Bib la. Se yon fason pou pyès pati nan Bib la pa nan konfli a rès Bib la. Defi a pou moun k ap li Bib la se pou rive devlope yon fason pou panse ki toutafè Biblik.

Youn nan ansyen Lidè Legliz la, environ 200 zan avan rezireksyon Kris te di, Si ou kwè sa ou renmen nan Levanjil, e rejte sa ou pa renmen, sa se pa levanjil la ou kwè, men pito se nan tèt ou ou kwè.

Si ou sèlman genyen Nouvo testaman, sere yon ti lajan epi mande Pastè ou pou ede ou achte yon Bib konplè lè ou kapab. Sa se petèt youn nan pi meye fason ou ka depanse lajan ou.

Kisa Bondye vle montre nou?

Nou bezwen konnen plan Bondye pou kreyason li avèk limanite. Genyen plizye kesyon ke Bib la prèske pa di anyen sou yo. Men, pawòl Bondye di nou tout sa nou bezwen konnen sou li ak plan li yo.

Bib la avantou se yon liv delivrans. Se pou sa, nou sipoze evite tout entepretasyon intelijan ki pa gen pyès rapò avèk objektif prensipal la.

Bib la gen yon mesaj vivan, ki ranpli ak pouvwa pou transfome vi ak karaktè. Malgre ke li te soti nan

Free Digital Copy From ServeNow

yon kilti trè lontan, mesaj li pou ou ak mwen jounen jodia toujou gen menm pouvwa sa.

Memorize li

Ou ka di. "Mwen gen yon memwa tèrib". Eske ou sonje dat nesans ou? Ou sonje nimero rad oubyen pyè ou? Wote ou? Adrès kay ou? Nimero telefòn ou? Memwa ou pa gen pyès problèm! li oke!

Mwen sere pawol ou nan Kè mwen! Se sa yon otè te di nan liv Sòm, nan Ansyen Testaman an. Koman nou ka fè sa si nou pa ka memorize li? Men kèk vèsè mwen ta sigjere ou memorize.

Pouvwa peche

Tout moun fè peche. Yo tout vire do bay Bondye ki gen tout pouvwa a (Ròm 3:23).

Peche peye nou kach: li ban nou lanmò. Men kado Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri Senye nou an, yon lavi ki pap janm fini (Ròm 6:23).

Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apresa Bondye gen pou jije yo (Ebre 9:27).

Kisa Kris fe

Koulye a paske nou gen konfyans nan Bondye, Bondye fè nou gras, n'ap viv san kè sote ak Bondye (Ròm 5:1).

Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pèsonn pa ka vante tèt yo (Efezyen 2:8-9).

Granmesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo. Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil (Efezyen 1:7).

Li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li

Free Digital Copy from ServeNow

delivre nou lè li lave nou li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan (Tit 3:5).

Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye (Jan 1:12).

Koute, men mwen kanpe la devan pòt la, m ap frape. Si yon moun tande vwa mwen, si li louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li, m'a manje ansanm avè l', la manje ansanm avèk mwen (Revelasyon 3:20).

Asirans sou sa Kris la te fè

M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an (1 Jan 5:13).

Sa m'ap di nou la se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap. Yo p'ap janm fini an. Yo pap kondannen li. Li déjà soti nan lanmo, li antre nan lavi (Jan 5:24).

Kris se sant lan

Se sa ki fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris k ap viv nan mwen: lavi m'ap mennen nan kò m' koulye a, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen n m' sitèlman li te rive bay lavi l' pou mwen (Galat 2:20).

Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a (2 Korint 5:17).

Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l la avan. Lè sa Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou (Matye 6:33).

Lespri li

Eske nou pa konnen se tanp Bondye a nou ye? Se Lespri Bondye a ki rete nan kè nou? (1 Korint 3:16).

Free Digital Copy From ServeNow

Lanmou

Men m'ap ban nou yon komandman nouvo: se pou nou youn renmen lòt. Wi, se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an. Si nou yonn renmen lot, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye (Jan 13:34-35).

Ti tit mwen yo, piga nou renmen sèlman nan bouch, nan bèl diskou ak bèl pawòl. Se pou nou renmen tout bon vre. Se pou tout moun wè jan nou renmen lè yo wè sa n'ap fè (1 Jan 3:18).

Imilite

Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou. Piga pèsonn chache interè pa l'ase. Se pou l'chache sa ki bon pou lòt yo tou (Filipyen 2:3-4).

Menm jan an tou, nou menm jennjan yo, se pou nou soumèt devan chef responsab yo. Nan tout rapo nou youn ak lòt, se pou nou soumèt nou devan Bondye. Paske Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy, Men moun ki soumet devan l', li ba yo favè li. Se poutèt sa, soumèt nou devan Bondye ki gen pouvwa, konsa la leve nou lè pou l' leve nou an (1 Pie 5:5-6).

Pirite

Paske nou se pèp Bondye a, sa pa bon pou nou menm louvri bouch nou pale sou dezòd lachè, sou bagay ki sal ak vye dezi (Efezyen 5:3).

Zanmi m' yo, men sa m'ap mande nou. M'ap pale ak nou koulye a tankou ak moun ki etranje, ki depasaj sou latè: se pou nou kenbe tèt ak tout egzijans lachè a k'ap goumen kont nanm nou (1 Pie 2:11).

Free Digital Copy From ServeNow

Onètete

Se konsa m'ap fè posib mwen pou m' toujou kenbe konsyans mwen san repwòch, devan Bondye ak devan tout moun (Travay 24:16).

Lafwa

Nou konnen pèsonn pa ka fè Bondye plèzi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li (Ebre 11:6).

Abraram pa te janm pèdi konfyans nan Bondye, li pat janm mete nan tèt ke pwomès Bondye te ka pa rive. Okontrè, li te vin gen plis konfyans toujou e li t ap chèche bay Bondye glwa. Li te genyen fèm konviksyon ke Bondye te gen pouvwa pou fè sa li pwomèt la (Ròm 4:20-21).

Obeyisans

Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fe nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri kò nou bay Bondye tankou ofrann Bèt yo mete apa pou li a, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plèzi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon (Ròm 12:1).

Moun ki asepte kòmandman m'yo ki obeyi yo, se moun sa ki renmen mwen. Papa m va renmen moun ki renmen mwen. Mwen menm tou, m'ap renmen li, epi m'ap fè l wè mwen (Jan 14:21).

Lapriye

Si nou fè youn ak mwen, si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li (Jan 15:7).

Pa bay kò nou traka pou anyen; men nan tout sikonstans mande Bondye tout sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsi tou lè n'ap lapriyè.

Free Digital Copy From ServeNow

Konsa Bondye Papa ban ou kè poze nan jan pa l, bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri.

Bondye ki rich anpil la va ban nou tou sa nou bezwen nan Jezikri (Filipyen 4:6-7, 19).

Ala yon gwo diferans ki va pase nan lavi ou si ou ta konnen tout pasaj sa yo pa kè! Li va ba ou fòs nan lajounen epi konfò nan lannwit.

Medite sou li

Sa diferan de meditasyon nan gran oryan. Som 1ye di nou, *Men ki pran tout plezi l' nan lalwa Seyè a, k'ap repase l' nan tèt li lajounen kou lannwit* (Som 1:2). Menm jan yon bèf ap remonte manje e mastike li, ou konsantre sou yon pasaj nan Ekriti yo pou yon tan e mastike byen. Petèt li pasaj la nan matin. Ou memorize li; ou priye sou li byen; Repete li li a gwo vwa epi priye sou li pandan jounen an, "Lespri Sen, di mwen kijan mwen ka aplike vèsè sa a ki soti nan Bib la nan lavi mwen jodia".

Li li nan yon lespri de priye

Bib la pa sèlman yon liv enteresan pou ou li: Li se yon liv pou nou plonje tèt nou ladan li. Li fè fas a pwoblem ki empòtan, konsènan lavi, karaktè ak desten Lektè a.

Etidye Bib la apre ou priye se yon pwoteksyon kont ogèy – Konsa tou li demontre ke Lektè a disponib pou li soumèt li anba direksyon moral Bondye.

Koute li pèsonelman

Bib la pa yon liv ki sòti nan yon filozofi abstrè. Se yon liv osijè de lavi moun ak moun nan sitiyasyon reyèl. Ezayi te pale espesyalman ak pèp Jerizalèm

Free Digital Copy From ServeNow

nan. Apot Paul te souvan salye zanmi li pa non yo nan lèt li yo. Liv Revelasyon an te ekri pou kretyen ki t ap soufri anba pèsekisyon.

Nou ka kontinye pa di nou ke Rekonpans ak Pwomès Bib la se pou tout lektè, nan nenpòt ki syèk. Lè n ap louvri lavi nou bay Mesaj ki nan Bib la, nou ka espere pou Bondye kominike ak nou.

Gade Bib la avèk Espwa

Pandan n ap li Bib la, n ap sezi pou nou wè e menm sezi akoz kèk evènman ki sevi kòm yon avètisman nan mitan paj li yo. Ap genyen lòt paj ki pral ba nou defi oubyen konfonn nou. Nou dwe espere ke liv sa a ka limite kapasite nou.

Aplike Pawèl Bondye nan lavi regilye nou

Lè nou li e aplike Bib la regilyeman, youn nan pi gwo benefis se ke nou kòmanse pa tout mond lan nan zye Bondye. Nou an menm tan wè Bib la tankou yon sèl patisyon pa yon bann timoso ki dekonkte.

Se menm jan yon timoun bezwen nouriti pwopis pou li ka grandi se konsa yon Kretyen nouri Lespri li nan Ekriti yo, e aplike verite yo chak jou l ap viv. Se konsa kòm rezilta karaktè nou va chanje.

Bib la se yon liv Pratik e ou bezwen poze tèt ou kesyon chak jou, "Ki sa li siyifi pou mwen jodia?" Kisa ou bezwen fè? Padone yon moun? Obeyi Bondye? Reklame youn nan promès li yo? Gen lafwa? Chanje atitid ou? Konfese peche nan lavi ou? Yon bagay ke ou ta renmen priye pou li? Eske ou gen yon bagay ou rekonesan pou li?

Liv Jak di nou, *Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase. Lè sa a, se pwòp tèt nou n'ap twonpe* (Jak 1:22). Jezi pale de nenpòt moun ki aplike

Free Digital Copy from ServeNow

Pawòl Bondye a nan lavi yo ap devni yon moun saj. *Konsa, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki fè sa mwen mande li, ap fè a, l'ap tankou yon moun lespri ki bati kay li sou wòch* (Matye 7:24).

Se pou Kite Pawol Bondye a aplike nan lavi ou pandan w ap li li.

Ajisteman ak obeyisans

Kretyen an ap toujou konfwonte komandman Bib la. Bib la mande nou pou nou obeyi Pawòl Bondye e pa sèlman tande li.

Jezi di li pa sifi pou nou sèlman tande pawòl la. Men pito lè nou tande li e obeyi li nan lavi nou tankou yon kay ki bati sou wòch – ak proteksyon e sekirite.

Li tout liv la en konplè

Lektè Bib la dwe gen yon vizyon total e yon apresyasyon ekilibre de tout sijè ke Bib la anseye nou. Ou pa dwe depann de vèsè individyel oubyen pasaj prefere (menm si yo gen anpil valè) sa pap ede nou rive genyen non matirite espirityèl.

Nan moman ke nou ap li Bib la ak yon pèseverans apwofondi, adorasyon devni yon fòs de vi nan travay nou pou Bondye vin tounen yon aktivite Vital, e Kris vin devni yon konpayon kotidyen.

Obeyi li

Pandan verite Biblik vin devni yon reyalite pou ou, youn nan bagay majè pou bezwen fè se: Obeyi sa ou li a e aplike li nan lavi kodidyen ou.

Pa kouri sou Pawol yo, men kite Pawòl yo kouri nan ou, e fòme ou nan imaj li.

Poukisa ou dwe obeyi li?

Free Digital Copy From ServeNow

- Li komande: *Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men Bondye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè. Yon travayè ki fè konnen pawòl verite Bondye a jan l' yè a* (2 Timote 2:15).
- Li se Sèl liv k ap gide nou kounya e pou lavni. *Mwen pa wont anonse Bon Nouvèl la. Se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè, Jwif yo an premye, apre yo, moun lòt nasyon yo tou. Bòn Nouvèl sa a fè nou wè ki jan Bondye fè moun gras. Travay sa a li kòmanse ak konfyans moun gen nan Bondye, li fini nan menm konfyans la tou, jan sa te ekri a: Moun Bondye fè gras paske li gen konfyans nan Bondye, se li menm ki va gen lavi* (Ròm 1:16-17).
- Li ekipe nou pou chak bon travay. *Tou sa ki ekri nan Liv la se nan Lespri Bondye i yo soti. Y'ap sèvi pou montre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt,, pou montre yo kijan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen* (2 Timote 3:16-17).
- Li se defans mekanik nou bezwen pou fè fas a tout atak ke nou rankontre chak jou. *Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon kas an fè nan tèt nou. Asepte pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou* (Efezyen 6:17).
- Li revele fiti nou e tout moun nan patiraj nou. *Apre sa mwen fe yon lòt vizyon, mwen wè yon pòt louvri nan sièl la, Vwa ki t'ap sonnen nan zorèy mwen tankou yon klewon an, menm vwa ki tap pale avè m' anvan an, di m' konsa: Monte isit, m'a fè ou wè sa ki gen pou rive apre sa* (Revelasyon 4:1).

Free Digital Copy From ServeNow

Pa janm bliye mesaj prinsipal Bib la

Listwa nan Ansyen Testaman te komanse avèk yon konfli – Premye moun yo, Adan ak Eve, te kesyone otorite Bondye. Nan yon senp komansman konsa peche te rantre nan mond la e moun te komanse revolte kont dominasyon Bondye yo.

Bib la trase kijan konfli sa te pwopaje ant moun avèk Bondye. Li montre nou kijan gason ak fi vin devni agresiv antre yo, e ak Bondye tou. Nesesite pou limanite antre nan yon relasyon siprèm ak Bondye devni mesaj prinsipal nan Bib la.

Bondye pwomèt yon solisyon

Ansyen Testaman an pale nou trè klè sou anvi pou genyen yon moun k ap delivre nou anba peche ak kilpabilite. Pwofèt yo deklare pwomès Bondye pou mennen yon Sovè, ki pral etabli yon nouvo akò avèk pèp Bondye a – avèk padon ak yon relasyon avèk Bondye. Nouvo Testaman an pwente dirèktman sou Jezikri kòm Sovè ke yo te pwomèt nou an.

Sa Jezikri te fè

Lè Jezi te vini sou tè a li te akonpli tout sa Ansyen Testaman an te pwomèt e etabli yon baz pou Nouvo Testaman an. Atravè Jezi, Bondye te antre nan listwa limanite, e louvri pòt la pou padon ak yon Lavi ki sen. Sa te rann posib gras a lanmo ak rezireksyon Kris avèk kado Lespri Sen an. Kounya lanmo pèdi batay, pouvwa Satan kraze e Kris, ki te monte nan syèl la, gouvène.

Free Digital Copy From ServeNow

Jounen jodia a, fè pati yon nouvo kominote

Nouvo Testaman an prezante tout disip Kris yo kòm yon sosyete ki sove – Yo te seleksyone pou devni manb Legliz mondyal la. Nenpòt kote ke Kris la ap gouvène nan lavi pèp li a, w ap jwenn yon Leliz li.

Nouvo kominote sa a adore Jezi Kri kòm Dye e li resevwa komandman pou li akonpli misyon pou evanlize e sevi tout le mond antye.

Viktwa final la

Alafen, kreyasyon an tout antye pral fè pati viktwa Bondye a. Lanmou li ak jistis li va kontinye pou tout moun ka wè, e tout bagay mal pral tonbe.

Nap tann ak pasyans retou Jezi Kri, Lè li retounen an pèsonn, nan yon moman nan listwa, lè tout moun va wè li ap gouvènen avèk viktwa. L ap vini tankou yon jij pou tout mond lan an menm tan tankou yon Sovè pou pèp li a. Nou pa gen yon prediksyon de ki dat sa gen pou li rive, men anpil bagay fè nou santi ke nou ap apwoche evènman listwa final sa a; lagè; fo profèt ak yon ogmantasyon nan dezas natirèl.

Antan ke kwayan n ap tann nouvo syèl ak nouvèl tè a. N ap tann jou sa lè nou va resevwa yon nouvo kò ki pap janm vyeyi oubyen mouri. Peche ak doulè va disparèt pou tout tan, e delivrans nou va konplè.

Avèk kisa w ap nouri lespri ou jounen jodia? Kisa w ap tande? Tripotay oubyen move langaj? Nouvèl ki pa ranpli ak ankourajman? Retounen sou pawol Bondye a chak jou. Se li ki ka ankouraje ou! Li va beni ou. Li ka ba ou defi tou.

Komanse manje. Plis ou manje plis ou grangou – konsa ou menm tou ak Legliz la va grandi an sante e nan matirite espirityèl.

Free Digital Copy From ServeNow

KESYON POU ETID AK REFLEKSYON

- Kisa ki fè Bib la empòtan ou?

- Kisa ou jwenn nan Bib la ki inik e espesyal pou ou?

- Ki objektif Pawòl Bondye a nan lavi ou?

- Kòman ou li ak etidye Bib la pou kont ou?

- Eske ou konn pran yon fraz nan yon kontèks diferan epi pou ou pale ak tèt ou?

Free Digital Copy From ServeNow

- Eske konpreyansyon ou chanje apre ou li tout chapit la?

- Eske ou komanse memorize kèk pasaj Biblik, pou ka sere pawol la nan kè ou?

- Ou poko twouve ou nan yon sitiyasyon kote Bondye pale ak ou e ou bezwen obeyi li?

- Kisa ou kwè ki se mesaj prensipal nan Bib la?

Free Digital Copy From ServeNow